



YI LL

qVLSDVNRRWDNWLRSRRIIINDSYORSPOWDORZTR
V SWqYLVREPRDSMRDNYLLNIIPDVR
SZWDNLSDODWDYqSRVLZWYDD

LEDDRQLVYLLINDVRWDS NORE S DSRMqY LV2R2
SDOM SOLVWDMRFEDNWDSDSRFSMODLSDMqVNLNRWD
SRVLMVODRVDMSZWNVRWDSLNRWDNW)DVLQOLWDWqZWYDOD

(Non Fasilitat P tDe an an)

(Nime o ele n)

(Adr s m l)

LVYDOqWVDDMSDVNSREDEOPDRWMDiqSPWDSOD)qSP
NRWDNDNZWYDDLNRVDSRFDSSZWDDMLRSRNRiqVDM
NRWDNWSLEDJLRDLJDVRIRZLDVRRMDMDVNVqYLVSR
DNSRVLVMDDIISMZPDVRMRZDLJDVRMDRDN
YLLRD

Table with 4 columns and 7 rows containing various codes and text like (WDS)OZWYDR, DSLDDDS, SOLVWDMWDSVD, zW, S, RWDNW, Pionta av, P DD at av Pòt Devan an, DJ, RD, DVR, RZLDVR, RVDMDVNVqYLV, (WDE)OLMLEOLW2, D, RZWYDR, ODEDN2S, NSOW (DODVM, LV, OS, ODDL, D, NODEVDNM, SLPDVLV



Premye Kontak

Lè w kontakte Pòt Devan OPWDD lokal ou a, y ap mande w kèk enfòmasyon debaz tankou adrès ou, detay kontak ak pi bon moman pou kontakte w. Tanpri avize Pèsonèl Pòt Devan an si ou bezwen tradwi dokiman yo ak konvèsasyon entèprete nan yon lòt lang. Moun w ap pale ak li a ap dekri pandan yon ti tan Pòt Devan an ak pwosesis elijibilite a.

Kowòdinasyon Swen

Kontakte yon Òganizasyon Kowòdinasyon Swen (CCO) oswa Ajans Aksè Sèvis (SAA) se yon etap enpòtan nan pwosesis sa a. Ajans sa yo responsab pou ede w aplike pou elijibilite OPWDD a. Si yo konsidere w elijib pou OPWDD epi ranpli kondisyon enskripsyon CCO yo, CCO w chwazi a pral ba w yon Jesyonè Swen. Jesyonè Swen ou an ap ede w devlope Plan Lavi w epi konekte w ak sèvis OPWDD ou bezwen yo.

Elijibilite

Si w pa deja elijib pou OPWDD, w ap bezwen bay sèten dokiman ak evalyasyon pou w ka detèmine si w elijib. Nan kèk ka ou ka bezwen nouvo evalyasyon ak/oswa revizyon. Ajans CCO oswa SAA w la pral ede w avèk pwosesis elijibilite an epi soumèt aplikasyon pou elijibilite OPWDD ou an pou ou.

Videyo Pòt Devan yo

Videyo Pòt devan yo ki disponib sou sitwèb OPWDD a (opwdd.ny.gov/get-started) esplike pwosesis pou w vin elijib pou sipò ak sèvis OPWDD yo, ki kalite sipò ak sèvis ki disponib ak fason pou jwenn asistans. Yon manm fanmi oswa yon defansè ka gade videyo yo pou ou. Pake Byenvini ou an gen yon depliyon ki dekri videyo sa yo ak kijan pou w jwenn aksè ak yo an liy. Ou ka gade videyo yo nenpòt ki lè pandan pwosesis Pòt devan an men li pi bon si ou gade yo nan kòmansman pwosesis la.

Evalyasyon sou Bezwen Sèvis yo

Pou resewa sèvis nan men OPWDD, lwa eta a egzije pou yon evalyasyon OPWDD chwazi pou egzamine ak anrejistre pwen fò ak bezwen w yo. Anplwaye Pòt devan yo pral ranpli yon **Profil sou Andikap Devlopmanal (DDP2)** avèk ou, epi w ap travay tou ak Pèsonèl OPWDD yo pou satisfè **Bezwen ak Fòs Timoun ak Adolesan yo (SCAN)** si ou poko gen 18 an oswa **Sistèm Evalyasyon Kowòdone (CAS)** si ou gen 18 an oswa plis. Sèvis OPWDD yo pa ka apwouve jiskaske evalyasyon obligatwa yo fin ranpli.

Devlope yon Plan Lavi

W ap travay avèk Jesyonè Swen ou (CM) pou idantifye epi planifye sèvis ak sipò ki pi byen satisfè bezwen w yo. Asire w ke w pataje enterè w ak sèvis ak sipò w deja resewa yo, sipò fanmi w ak kominote w, sa w ap fè kounye a, ak plan w genyen pou lavni. Jesyonè Swen ou an ap chèche jwenn apwobasyon nan men OPWDD pou sèvis ou bezwen yo epi ede w idantifye founisè yo pou bay sèvis ak sipò ki endike nan Plan Lavi w la.